



Pou Piblikasyon Imedya: 19/11/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE DISPONIBLITE 2 MILYON DOLA POU RANFÒSE SÈVIS ADIKSYON NAN KONBA KONT KRIZ OPIOYID LA

Founisè yo ka resevwa jiska 200,000 dola pou etabli inite medikaman mobil pou bay sèvis medikaman kont adiksyon

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke Eta New York te garanti 2 milyon dola nan finansman federal atravè pwogram Sibvasyon Prevansyon ak Tretman Toksikomani (Substance Abuse Prevention and Treatment Block Grant) pou sipòte founisè sèvis depandans yo nan konba kont kriz opioyid la. Finansman an ap itilize pou etabli Inite Medikaman Mobil (Mobile Medication Units, MMU) pou dispanse medikaman pou trete twoub toksikomani, ki enkli metadòn ak biprenòfin. Sa vini apre règleman DEA federal la te soti pou pèmèt inite sa yo dirije pa Founisè Pwogram Trètman kont Opioyid (Opioid Treatment Program, OTP) ki egziste deja yo. Sa yo se pral premye MMU nan Eta New York.

"Konba kont kriz opioyid la se yon konba pèsònèl pou mwen, epi n ap kontinye fè tout sa nou kapab pou ranfòse resous ak sèvis yo pou moun k ap goumen ak adiksyon", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Premye Inite Medikaman Mobil nan seri sa yo nan Eta New York ap pote sèvis ki enpòtan dirèkteman bay Nouyòkè ki nan bezwen yo epi pèmèt yo resevwa sèvis ki enpòtan pou sipòte yo nan wout yo vè rekiperasyon."

Founisè k ap fonksyone aktyèlman nan pwogram OTP ki sètifye pa OASAS yo kalifye pou resevwa finansman epi y ap akòde yo jiska 200,000 dola pou itilize pou achte epi renove yon MMU. Inite mobil sa yo ap ofri sèvis ki enkli evalyasyon pou admisyon ak enskripsyon pou medikaman, administrasyon medikaman ak obsèvasyon, tès toksikoloji, ak lòt sèvis medikal.

Inite mobil sa yo ka ede moun fè fas ak baryè trètman, ki enkli pwoksimite jewografik ak etablisman OTP yo ak pwoblèm transpò, epi ogmante disponiblite trètman asiste pa medikaman pou adiksyon. Y ap ranplase sèvis mobil ki egziste deja nan tout Eta New York ke founisè ki sètifye pa OASAS yo bay yo, ki enkli evalyasyon, konsèy, medikaman ak lòt trètman metadòn pou adiksyon, telekonsiltasyon, ak sèvis transpò.

Y ap bay finansman yo atravè yon pwosesis apèl pou aplikasyon (Request for Application, RFA) ke Biwo Eta New York pou Sèvis ak Sipò pou Adiksyon an (Office of Addiction Services and Supports, OASAS) administre. RFA yo disponib pou wè [isit la](#).

Dat limit aplikasyon yo se 6 desanm.

Senatè Eta a, Pete Harckham te deklare, "Nou konnen ke moun ki gen Twoub Toksikomani yo, espesyalman sila yo k ap viv nan zòn rural New York yo, pa toujou gen aksè nan mwayen transpò oswa fon pou deplasman pou ale kay founisè tretman opioyid yo. Avèk Gouvènè Hochul k ap sekirize finansman ki nesèsè pou premye Inite Medikaman Mobil eta a, n ap pote mwayen vè rekiperasyon kote moun ki nan bezwen aktyèlman k ap viv nan tout eta a - epi n ap sove lavi an konsekans."

Manm Asanble Phil Steck te deklare, "Nou kontan ke OASAS ap fè tretman ki asiste medikalman pou adiksyon opioyid pi aksesib nan NY. Metadòn se yon apwoch syantifik depi lontan pou konbat adiksyon kont ewoyin. Konbat epidemi sa ta dwe pi gwo priyorite pou gouvènman Eta a. MMU yo se yon efò enpòtan pou reponn ak bezwen ijan sa."

Pandan plizyè ane ki pase yo, Eta New York te mete sou pye yon apwòch agresif ki gen plizyè branch pou rezoud fleyo opyooid la, epi li te kreye yon seri swen kontini kont depandans ak sèvis konplè nan prevansyon, tretman ak retablisman. Pou konbat epidemi sa a, eta a te travay pou agrandi aksè a sèvis tradisyonèl yo, ki genyen ladan yo pwogram sèvis kriz, pasyan ki entène, pasyan ekstèn, ak pwogram tretman rezidansyèl, ansanm ak sèvis tretman alèd medikaman, ak tretman mobil ak sèvis transpò.

Gouvènè Hochul te yon manm Gwoup Travay sou Ewoyoin ak Opyoyid nan Eta New York (NYS Heroin and Opioid Task Force) la ki, an 2016, te rekòmande nouvo sèvis ki pa tradisyonèl, ki genyen ladan yo sant retablisman yo, klèb lojman pou jèn yo, agrandi sèvis konpayon yo, ak sant aksè lib yo, k ap bay evalyasyon ak referans pou swen imedya. Depi lè sa, yo te etabli sèvis sa yo nan divès kominote ozalantou Eta a, epi yo te ede moun ki nan bezwen yo jwenn aksè a swen ki pi pre kote y ap viv la.

Nouyòkè yo ki gen difikilte avèk yon adiksyon, oswa yon pwòch ki gen difikilte, ka jwenn èd ak lespwa lè yo rele liy telefòn gratis Eta a, HOPEline 24 èdtan, 7 jou pa semèn nan 1-877-8-HOPENY (1-877-846-7369) oswa lè ou voye tèks HOPENY (Kòd Kout 467369).

Tretman pou adiksyon ki disponib yo gen ladan swen pou kriz/dezentoksikasyon, swen malad ki entène yo, swen rezidansyèl, oswa swen pou pasyan ekstèn, lè ou itilize Tablodò Disponibilite Tretman OASAS NYS la nan [FindAddictionTreatment.ny.gov](https://www.findaddictiontreatment.ny.gov) oswa atravè [sitwèb OASAS NYS la](https://www.oasas.ny.gov).

Si oumenm, oswa yon pwòch ou, te eksperimente obstak nan asirans ki gen rapò ak tretman oswa bezwen pou ede depoze yon apèl pou yon reklamasyon yo te refize, kontakte liy èd CHAMP an pa telefòn nan 888-614-5400 oswa pa imèl nan ombuds@oasas.ny.gov.

###

Lòt nouvèl ki disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418